

Sekar Macapat Sumber Kearifan Lokal
Lan Media Pendidikan Budi Pekerti Bangsa Indonesia

Oleh: Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum.

PBSID, FKIP, Universitas Widya Dharma Klaten

Sekar macapatngandhut piwucal, nasihat, lan maneka warni kearifan lokal ingkang wonten gegayutanipun kaliyan gesang bebrayan wonten ing masyarakat etnik Jawi. Sekar macapat sampun kawentar wonten ing masyarakat etnik Jawi amargi sampun mbalung-sungsum dados salah satunggalipun budaya ingkang adiluhung.

Pilihan syair ingkang kakidungaken punika mboten nggumunaken amargi karemenan para leluhur etnik Jawi rengeng-rengeng nyekar. Bab punika ugi saget katitik saking alat musik tradisional Jawi ingkang sampun kacipta dening para leluhur etnik Jawa. Kajawi punika, sekar dipunpilih minangka media piwucal amargi nggampilaken sok sintena kemawon ingkang badhe mangertosi isinipun. Miturut salah satunggalipun pakar, sekar saget kangge srana mbangun alusing budi lan cita rasa kaendahan.

Karena punika, menawi wonten salebetipun larik-larik sekar punika dipunsisipaken piwucal-piwucal, kanthi gampil badhe dipunemut-emut lan dipuntindakaken dening anggota masyarakat etnik Jawi. Kaendahan sekar nalika dipunsekaraken ugi saget njalari tiyang-tiyang kesengsem lan ing pungkasanipun saget kanthi gampil lan remen menawi dipunajak nindakaken punapa ingkang dipunsisipaken wonten ing larik-larik sekar kasebat Kanthi nyekar otomatis masyarakat ugi dados apal lan nyimpen wontening salebeting manah punapa ingkang dipunwucalaken wonten ing syair sekar kalawau. Dados saget dipunwastani bilih sekar macapat punika dados sumber kearifan local etnik Jawi lan saget dipunagem dados media piwucalan budi pekerti.

I. Pendahuluan

Wonten ing lingkungan masyarakat Jawi, sekar macapat sampun kawentar wiwit wontenipun pengaruh Islam ingkang ngrembaka wonten tlatah pesisir. Bab punika kadadosan wonten ing abad XV[1] lan ngantos

wekdal sapunika taksih tetep gesang. Sekar macapat kasebat kagolong genre sastra Jawi ingkang arupi puisi lan dipundadosaken media pendidikan wonten ing brayat ageng etnik Jawa ing saben dintenipun. Kathah seratan para pujangga utawi ratu Jawi ingkang dipunanggit wonten ing sekar macapat, kados ingkang kasebat wonten ing *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara* Jilid I ingkang cumondhok wonten ing Museum Sono Budoyo Yogyakarta (Behrend, 1990). Naskah-naskah kalawau maneka warni isinipun, kadosta sejarah, silsilah, hukum, piwulang, primbon, adat-istiadat, sastra wayang, lan sapianunggalipun.

Minangka salah satunggaling hasil kabudayan masyarakat Jawi, sekar macapat anggadhahi pengaruh ingkang ageng wonten ing pagesangan masyarakat Jawi ing saben dintenipun. Sekar kasebat nggadhahi ciri sederhana saengga kathah tiyang Jawi saget nyekar macapat nalika sekar kasebat populer wonten ing masyarakat etnik Jawi. Awit saking punika, kathah pujangga utawi para ratu ingkang ndadosaken sekar macapat minangka media pendidikan nalika zaman keraton Kasunanan Surakarta Hadiningrat utawi nalika pamarintahan Mangkunegaran khususipun.

Bab punika ketalipun nyonto para wali nalika ngrembakakaken agama Islam[2] wonten ing tlatah Jawi Tengah. Minangka conto inggih punika anggitanipun pujangga ageng R.Ng. Ranggawarsita ingkang mawi irah-irahan *Serat Jaka Lodang, Serat Sabda Jati, Serat Kalatidha, Serat Sabda Tama*. Salajengipun *Wulangreh, Wulang Sunu, Wulang Estri* anggitanipun I.S.K.S Sri Susuhunan Paku Buwana IV. *Tripama, Wedatama, Wirawiyata* anggitanipun K.G.P.A.A. Mangkunagara IV. Anggitan para priyagung punika sampun kawentar wonten ing satengahipun bebrayan agung etnik Jawi. Karana misuwuripun sekar punika ndadosaken para warga etnik Jawi kathah ingkang sami nggadhahi ketrampilan nyekar lan apal syair-syair sekaripun. Wonten ing era modern punika macapat ugi tasi dipuncipta dening sawenehing tiyang Jawi ingkang isinipun ing antawisipun babagan pesan pembangunan.

Sekar (sekar) macapat[3] punika salah satunggaling genre puisi ingkang dipunsebat ugi *tembang cilik* utawi *sekar alit, utawi tembang lumrah*[4] (Laginem, dkk., 1996:26). Dipunsebat sekar utawi tembang amargi maosipun sarana dipunsekaraken utawi dipuntembangaken (Marsono, 1992:77). Bab punika ugi dipun ngendikakaken dening Arps (1992:14) bilih sekar macapat kagolong puisi tradisional bentuk tulis ingkang biasanipun dipunwaos sarana nembang. Cara maos mekaten punika

ndadosaken genre sekar macapat nggadhahi daya tarik ingkang ageng tumrap masyarakat etnik Jawi.

Sekar macapat punika kesenian ingkang kalebet budaya tradisional ingkang dipunakeni, dipunkenal, lan kathah kandhungan pengetahuanipun, sarta minangka kearifan lokal leluhur etnik Jawi. Kajawi punika, ugi ngemot pitedah, nasihat, lan maneka warni kearifan filsafat gesang tumrapipun etnik Jawi. Sekar macapat ugi salah satunggalipun jinis kesenian ingkang nggabungaken puisi kaliyan musik tradisional ugi ingkang modern. Pilihan bentuk antawisipun sekar kaliyan musik utawi gamelan punika ugi magepokan kaliyan karemenan nembang para leluhur etnik Jawi. Prastawa punika wonten gandheng-cenengipun kaliyan gamelan ingkang sampun kaciptakaken dening leluhur etnik Jawi.

Kaendahan sekar nalika dipunsekaraken njalari tiyang sanes gampil ngapalaken lan nyimpen wonten ing manah sedaya piwucal ingkang dipunsisipaken wonten ing salebetipun sekar macapat. Sasampunipun klebet wonten ing manah, para warga etnik Jawi langkung gampil dipunajak ngetrapaken sedaya piwucal kalawau wonten ing brayat pasrawungan. Menawi piwucal-piwucal kasebat dipuntrapaken wonten ing masyarakat etnik Jawi, saget njalari wontenipun cita rasa kaendahan lan alusing budi sawenehipun masyarakat etnik Jawi. Bab punika kados ingkang dipungendikakaken Tedjohadisumarto (1958) bilih sekar ugi saget diagem sarana mbangun alusing budi lan cita rasa kaendahan.

Bab sanesipun ingkang ndadosaken sekar macapat nggadhahi daya tarik inggih punika wontenipun wujud salah satunggaling anasir budaya Jawi ingkang khas amargi isinipun ngengingi bab panyaruwe utawi amanat tumrapipun etnik Jawi ingkang dados anggota masyarakat etnikipun. Bentuk puisi punika ugi dipunhiasi simbol-simbol ingkang wonten salebeting sekar ingkang kedah dipun tafsiraken maknanipun. Bab punika selaras kaliyan pendapat Casson (1981) bilih kabudayan punika minangka sistem arti ingkang asifat simbolik lan bahasa minangka sistem tanda ingkang fungsipun minangka simbol. Simbol-simbol punika saget dipunidentifikasi lantaran kespesifikan bahasa ingkang dipunginakaken saha ritme suara ingkang lazim dipunsekaraken. Minangka contonipun, simbol ingkang sinandi kados wonten ing larik sekar macapat anggitanipun R.Ng. Ranggawarsita ingkang irah-irahanipun *Serat Kalatidhaing* ngandhap punika..

*Amenangi jaman edan, 'gesang wontening zaman edan,
ewuh aya ing pambudi, dados ewuh aya ingkang badhe mbudi daya,
melu edan nora tahan ndherek ngedan mboten tahan,
yen tan melu anglakoni, menawi mboten ndherek nglampahi,
boya kaduman melik, mboten badhe pikantuk bagian,
kaliren wekasanipun, kaliren wekasanipun,
dilalah karsa Allah, ndilalah karsanipun Allah,
begja-begjane kang lali, sinaos ingkang mboten eling ruamaos begja
luwih begja kang eling lawan waspada. Namung taksih begja
kanggenipun
tiyang ingkan tansah eling lanwaspada.'*

Ing salah satunggalipun pada *Serat Kalatidha*^[5] ing nginggil wonten pepatah lan ajaran ingkang tumuju dhumateng anggota masyarakat etnik Jawa. Piwucal ingkang tumanduk wonten ing *pada*^[6] punika saget punwastani minangka simbol bahasa ingkang ngandhut makna konteks ingkang tumuju dhumateng pola pikir etnik Jawa. Masyarakat etnik Jawa dipunuwun tansah *eling* dhumateng Gusti Allah sarta tansah *waspada* wonten ing sedaya aktivitas gesang, sanajan dipunparingi gesang mulya ingkang saget njalari mabok utawi mboten kemutan bilih sedaya punika asalipun saking Gusti Allah. Tiyang ingkang tansah *eling* lan *waspada* mboten badhe kaseret arus kawontenan. Piyambakipun tansah saget ngontrol dhiri pribadi supados tetep saget lumampah wonten ing rel ingkang leres, kepositifan (kesaenan), laku utami utawi budi pekerti luhur^[7] karena sadhar bilih kita sedaya punika makhluk Allah. Dados, tiyang ingkang tansah *eling* saget kalis saking tumindak ingkang nistha, saengga pikantuk ganjaran saking Gusti Allah. Karana punika dipunsebataken bilih tiyang punika langkung begja tinimbang tiyang ingkang tansah ngudi tumindak angkara murka karena kaseret wontenipun zaman edan. Ungkapan *eling* lan *waspada* nggadhahi sasmita imperatif saking pangripta (O1) tumuju dhumateng O2 supados wonten ing bebrayan agung, konsep punika tansah dipunemut-emut lan dipundadosaken *peringatan* tumrap O2 supados mboten tumindak ingkang nglanggar paugeran lan pranatan ingkang ndadosken tiyang sanes sangsara gesangipun .

Wonten ing makalah punika, mboten sedaya sekar dipunbahas, ananging dipunwatesi tigang sekar ingkang badhe dipuntelaah, inggih punika *Tripama*, *Wulangreh*, lan *Kalatidha* minangka wakil saking keraton Mangkunegaran, Kasunanan, lan saking salah satunggaling pujangga ageng

Kasunanan. Kangge nggampilaken telaah supados langkung fokus, masalah-masalah ingkang dipunbahas dipunrumusaken kados ing ngandhap punika.

1. Menapa wigatosipun sekar macapat dipunngendikakaken minangka sumber kearifan lokal etnik Jawa?
2. Kadospundi menawi kearifan lokal etnik Jawi ingkang kaserat wonten ing salebeting syair sekar-sekar macapat punika dipundadosaken media pendidikan budi pekerti tumrapipun bangsa Indonesia?

2. Bahasa lan Kabudayan

Bahasa punika dipunsebat minangka “*symbolic meaning system*” ‘bahasa inggih punika sistem makna ingkang simbolis sifatipun’, mekaten ugi kabudayan saget dipunwastani “*symbolic meaning system*” (Casson, 1981:11-17). Langukung lengkap ahli punika paring pangandikan kados kasebat ing ngandhap punika.

“Like language, it is a semiotic system [8] in which symbols function to communicate meaning from one mind to another. Cultural like symbols, like linguistic symbols, encode a connection between a signifying form and a signaled meaning”, ‘Kados bahasa, kabudayan inggih punika sistem tanda ingkang dados simbol ingkang nggadhahi fungsi kangge njlentrehaken makna salah satunggaling konsep pikiran dhumateng konsep pikiran ingkang sanesipun. Simbol-simbol ingkang tumanduk wonten ing kabudayan, kadosta simbol-simbol linguistik, ndadosaken kode ngenani sesambetan antawisipun bentuk ingkang nandani lan makna ingkang dipuntandani’.

Saking pangertosan kasebat saget langukung trewaca malih bilih bahasa minangka sistem tanda ingkang nggadhahi fungsi minangka simbol wonten ing babagan komunikasi makna saking satunggaling tiyang dhumateng tiyang sanes. Kabudayan ugi simbol, kados simbol bahasa, ingkang arupi *penanda* lan *petanda*[9]. Sapir (1960:70) ingkang nyarujuki pangertosan punika ugi ngendikakaken bilih bahasa punika saget dados sarana ingkang asifat simbolis dhumateng budaya. Dados, bahasa minangka produk kabudayan menungsa minangka simbol makna ingkang dipuncipta kangge keperluan komunikasi. Halliday lan Hassan (1992:4) nyebataken bilih budaya minangka seprangkat sistem semiotik, minangka seprangkat sistem makna, ingkang sedaya sesambetan. Bahasa minangka salah satunggaling sistem makna ingkang sesarengan mujudaken budaya menungsa.

Levi-Strauss[10] (1963:68) nyebataken tigang perkawis gagasanipun ngengingi hubungan antawisipun bahasa kaliyan kabudayan kados ing ngandhap punika.

1. Bahasa ingkang dipunginakaken sawenehipun masyarakat dipunanggep minangka refleksi saking sedaya kabudayan masyarakat kasebat.
2. Bahasa inggih punika salah satunggalipun bagian saking kabudayan, utawi bahasa minangka salah satunggalipun unsur kabudayan.
3. Bahasa minangka kondisi kabudayan.

Gandheng-cenengipun bahasa kaliyan kabudayan punika salajengipun dipunkaji wonten ing babagan ngilmu ingkang dipunsebat etnolinguistik utawi antropolinguistik (Levi-Strauss, 1963:359). Penelitian ingkang magepokan kaliyan bidang punika dipunpelopori dening Franz Boas ingkang niliti tiyang-tiyang Indian lan Eskimo. Panlitian Boas sarta metodenipun ngengingi tiyang Indian kasebat salajengipun dipunterusak dening siswanipun ingkang namipun Edward Sapir (Samsuri, 1988:50).

Gagasan Sapir punika lajeng dipunkembangaken dening Benjamin L. Whorf. Kanggenipun Whorf caranipun mahanani lan njlentrehaken warni-warni gejala utawi peristiwa ingkang dipunadhepi gumantung sanget saking bahasa ingkang dipunginakaken. Pendapat punika salajengipun dipunkenal kanthi sesebatan “*Sapir-Whorf Hypothesis*” (Ahimsa-Putra, 1996:3). Hipotesis punika nyebataken bilih bahasa punika saget nemtokaken mboten namung budaya ananging ugi cara lan jalan pikiran ingkang ugi benten. Kanthi sebatan sanes, satunggalipun bangsa ingkang benten bahasanipun kaliyan bangsa sanesipun, badhe nggadhahi jalan pikiran ingkang ugi benten (Anwar, 1990: 86).

3. Kearifan Lokal lan Wujudipun

Istilah “kearifan lokal” punika dipunterjemahaken saking “local genius” ingkang dipunandharaken ingkang sepisanan dening Quaritch Wales (1948-1949) ingkang ngandhut makna “kemampuan kabudayan lokal kangge ngadhepi pengaruh kabudayan asing ingkang wekdal punika sesambetan (Rosidi, 2010:1). Pendapat sanes dipunsebataken dening Ahimsa-Putra (t.t.:5) ingkang maringi batesan bilih kearifan lokal punika seprangkat pengetahuan lan praktik-praktik ingkang dumunung wonten ing satunggalipun komunitas – sae ingkang asalipun saking generasi-generasi saderengipun punapa dene saking pengalaman ingkang magepokan kaliyan lingkungan lan masyarakat sanesipun – kangge mrantasi kanthi sae lan leres

sedaya persoalan lan/ utawi kendala ingkang dipun adhepi, ingkang nggadhahi kekiyatan hukum punapa mboten.

Kearifan lokal (*local wisdom, local knowledge, local genius*) ugi dipunwatesi minangka pandangan hidup lan ilmu pengetahuan sarta maneka warni strategi gesang ingkang awujud aktivitas masyarakat lokal kangge njawab werni-werni masalah kangge njangkepi sedaya kabetahan masyarakat (Rajab dalam <http://www.depsos.go.id/>).

Miturut Ridwan (2010:2) kearifan lokal utawi sering dipunsebat *local wisdom* saget dipunpahami minangka usaha menungsa ingkang migunakaken akal budinipun (kognisi) kangge nyikapi satunggalipun objek utawi peristiwa ingkang kadadosan wonten ing ruang tartamtu. Salajengipun dipunsebataken bilih *wisdom* dipunpahami minangka kemampuan sawijinipun tiyang migunakaken akal pikiranipun nalika nindakaken utawi nyikapi hasil penilaian dhumateng objek utawi peristiwa ingkang nembe kadadosan. Minangka istilah *wisdom* sering dipunartosaken "kearifan/kawicaksanan". Lokal dipunartosaken kanthi spesifik nunjuk dhumateng ruang-ruang interaksi ingkang terbatas kanthi sistem nilai ingkang ugi terbatas.

Tim Wacana Nusantara (2009:1) ngendikakaken bilih kearifan lokal inggih punika awujud adat lan kebiasaan ingkang sampun dados tradisi dipuntindakaken dening saperangan masyarakat kanthi turun-temurun ingkang saengga sepriki taksih dipunpertahanaken eksistensipun dening masyarakat hukum adat ing salah setunggalipun daerah. Kearifan lokal kasebat dipunsimpen kanthi sae, sanadyan sampun kadadosam kanthi sae, interaksi kaliyan dunia luar lan ngalami akulturasi budaya.

Miturut Ridwan (2010:3) kearifan-kearifan lokal wonten ing masyarakat kita saget dipunpanggihi wonten ing nyayian, pepatah, sasanti, petuah, semboyan, lan kitab-kitab kuno ingkang nyawiji wonten ing salebetipun perilaku gesang bebrayan ing saben dintenipun. Kearifan lokal saget nggambaraken satunggaling fenomena spesifik ingkang biyasanipun kagolongaken komunitas kelompok muda-mudi kasebat, umpamanipun *alon-alon asal klakon* (masyarakat Jawi Tengah), *rawe-rawe rantas malang-malang putung* (masyarakat Jawi Timur), *ikhlas kiaine manfaat ilmune*, *patuh guru-ne barokah uripe* (masyarakat pesantren), lan sapanunggalipun.

Salajengipun Marsono (2007:182) wonten ing sawenehipun etnik Nusantara wonten kathah kearifan lokal. Nalika bangsa Nusantara dereng saget nyerat kathah kearifan lokal ingkang arupi amanat supados ndadosaken masyarakat ingkang nggadhahi budi pekerti luhur. Sedaya kalawau dipunsisipaken wonten ing salebetipun upacara-upacara tradisional, legenda-legenda/ crita rakyat/ dongeng, ungkapan-ungkapan, lan relief. Sasampunipun bangsa Indonesia mumpuni wonten ing babagan tulis-menulis, paramila dipunwadhahi wonten ing versi tulis.

4. Pembahasan

4.1 Sekar Macapat minangka Sumber Kearifan Lokal

Hasil telaah sekar macapat *Tripama*, *Wulangreh*, dan *Kalatihda* (salajengipun dipunsingkat T, W, lan K) saget dipunwastani bilih tigang sekar macapat kasebat ngandhut werni-werni piwucal ingkat gegayutan kaliyan budi pekerti manungsa gesang wonten ing alam ndonya. Wujud piwucal punika arupi ungkapan-ungkapan ingkang dipunsisipaken wonten ing sekaar macapat kasebat. Pangripta sekar (O1) nggadhahi tujuan maringgi piwucal punika dhumateng para putra-wayah, para abdi kraton, lan ugi lumeber dhumateng masyarakat etnik Jawa (O2).

Pitutor-pitutor arupi piwucal ingkang dipunbungkus wonten ing salebetipun sekar macapat punika efektif sanget, saengga saget tumuju dhumateng sedaya lapisan masyarakat etnik Jawi. Kanthi cara masyarakataken sekar macapat wonten ing sedaya lapisan warga etnik Jawi, pitutor-pitutor para ratu saget dipuntampi O2 kanthi cara ingkang mboten ketawis ananging hasilipun nemahi kasunyatan. Masyarakat dipunajak nyekar werni-werni pupuh ingkang sampun karipta. Saking kebiasaan nyekar punika pitutor-pitutor punika kanthi mboten dipunraosaken, ngertos-ngertos masyarakat etnik Jawi apal sedaya syair sekar macapat kasebat lan ugi saget ngrasuk wonten ing salebetipun manah. Salajengipun wonten ing bebrayan agung sedaya piwucal kalawau dipuntrapaken kanthi otomatis.

Kanthi cara kados ingkang kasebat ing inggil O1 sampun ndadosaken O2 ngetrapaken sedaya piwucal ingkang dipunselipaken wonten ing salebetipun sekar macapat. Menapa ingkang dipuntrapaken dening O1 saget ugi dipunwastani kearifan lokal. Dipunwastani mekaten amargi para leluhur ngupaya saget mujudaken masyarakat etnik Jawi ingkang nggadhahi budi pekerti luhur kanthi cara nyekar. Leluhur etnik Jawi ugi nyipta tradisi ingkang dados kebiasaan wonten ing bebrayan agung etnik Jawi ing

paredintenanipun. Tradisi punika dipunlestantunaken kanthi cara turun-temurun lan saengga sepriki taksih dipunugemi lan dipunaekni eksistensipun. Kanthi mekaten, saget ugi dipunwastani bilih sekar macapat punika sumbering kearifan lokal etnik Jawi wonten ing babagan piwucal budi pekerti luhur ingkang pantes dipuntuladhani.

Adhedasar telaah tumrap tigang sekar macapat ingkang sampun kasebat ing nginggil, dipunpanggihaken kearifan lokal ingkang gegayutan kaliyan bab mbangun supados etnik Jawi nggadhahi budi pekerti ingkang luhur. Piwucal-piwucal ingkang sampun kasebat kalawau saget dipunperang dados tiga, inggih punika sesambetanipun priyantun kaliyan Gusti Allah, ratu/ pemimpin/ negari, lan kaliyan priyantun sanesipun. Sesambetan priyantun kaliyan alam dipunlebetaken wonten ing tigang sesambetan kalawau. Salajengipun ing ngandhap punika badhe dipunonceki setunggal mbaka setunggal.

(1) Piwucal ingkang magepokan kaliyan sesambetan priyantun kaliyan Gusti Allah Inggang Mahakuwaos

Kearifan lokal ingkang magepokan kaliyan sesambetan priyantun kaliyan Gusti Allah Inggang Mahakuwaos ingkang saget dipunpanggihaken wonten ing tigang sekar ing nginggil antawisipun supados O2 saget nglengganani kasampurnanipun Gusti Allah. Kasampurnan punika dipunbuktekaken saking wontenipun sesebatan dhumateng Gusti, kadosta *Hjang Agung* ‘Yang Agung’ (W, 309, 516, 521, 836), *Gusti Kang Murba* ‘Tuhan Yang Maha Menguasai’ (W, 448), *Hyang Widdhi utawi Allah* (K,69, 99), lan sapanunggalipun.

Piwucal sanesipun inggih punika supados O2 saget mahanani bilih piwucal agami Islam sarta kitab suci Al-Quran amargi kekalihipun ngandhut tuntunan dhumateng gesang ingkang sampurna (W, 21). Sedaya kalawau menawi prelu saget dipunayahi kanthi cara ngupados guru supados saget nyinau babagan punika. Namung, mboten sembarang guru saget dipunpilih, ananging kedah wonten kriteria ingkang maton (W, 31 – 38). Salajengipun dipunsuwun ugi nindakaken rukun Islam lan syariat agami ingkang sanes (W,1092). Nalika nindakaken rukun Islam kalawau prayoginipun ugi dipunestreni ndzikir lan ndedonga (W, 1181 – 1187). Mboten kesupen ngupaya nyaketaken sesambetan kita sedaya dhumateng ngarsanipun Gusti Inggang Murbeng Dumadi (W, 1400 –1408) kanthi cara tansah ngolah batin (W, 81–86), tansah ngucap syukur kanthi ikhlas nalika kita ngibadah (1177 –1180 dan 1224 – 1225); sarta sampun ngantos kita lena amargi gesang

punika dipunibarataken *mung mampir ngombe* (W, 1126 – 1132), kita kedah siap menawi sawanci-wanci dipunpundhut wangsul wonten ngarsanipun Gusti menawi sampun dumugi takdiripun ((T, 20, 40, lan 59; K, 55 –62). Kajawi punika, piwucal dhumateng O2 inggih punika supados mboten sembrana(W, 1112 – 1118) wonten salebetipun kita sedaya nglaksanakaken perintah agami.

Nyaketaken dhiri pribadi kita dhumateng Pangeran ugi dipuntindakaken dening etnik Jawi kanthi werni-werni cara, inggih punika agami lan kapitadosan sanesipun. Menawi kebatosan, proses nyaketaken batin kita dhumateng Gusti dipunsranani kanthi cara semedi utawi *tapa brata* wonten ing papan ingkang sampun dipunpilih. Wonten ing agami Islam babagan punika dipunsranani kanthi cara nglampahaken rukun Islam sarta ndedonga kanthi khusyuk utawi nindakaken ritual agami Islam kanthi cara ingkang khusus kadosta shalat dalu utawi ndzikir. Kajawi punika ugi wonten sekawan tahap proses nyaketaken batin kita dhumateng Gusti, saya inggil tingkatan kita, ugi kesempatan ingkang badhe kita gayuh ugi badhe saget kita cepeng, inggih punika jumbuhing kawula-Gusti. Sekawan tahapan kalawau inggih punika syariat, tarekat, hakikat, lan makrifat. Tahapan syariat inggih punika tahapan paling andhap, dipunsusul tahapan salajengipun ingkang saya inggil.

Saking pangertosan ngengingi caketipun sesambetan kaliyan Gusti punika wonten ing kabudayan Jawi wonten ungkapan ingkang dados kearifan lokal etnik Jawi inggih punika *sembah raga* ingkang sami tataranipun kaliyan tahap syariat, *sembah cipta* sami kaliyan tingkat tarekat, *sembah jiwa* sami kaliyan tingkat hakikat, *sembah rasa* sami kaliyan tingkat makrifat. *Sembah rasa* punika mujudaken tataran ingkang paling inggil tumrap sesambetanipun kawula kaliyan Gusti. Wonten ing budaya Jawi tingkat makrifat utawi *sembah rasa* saget dipunsebat *manunggaling Gusti-kawula*. Manunggalipun Gusti-kawula punika dipunibarataken emas kaliyan tembaga ingkang manunggal dados swasa. Jumbuhipun punika ugi kedah resik, mboten wonten nafsu aluamah tuwin amarah, suci lair dumuginipun batos. Sedaya kalawau kedah dipunsartani manah ingkang sabar, mboten pikantuk kesesa utawi *nggege mangsa*. Menawi tlatos badhe langkung cepet dipungayuh wontenipun kamanunggalan punika. Wonten ing masyarakat etnik Jawi kapitadosan punika wekdal samangke taksih wonten lan dipuntindakaken dening masyarakat etnik Jawi, sanadyan agami Islam sampun ngrembaka lan dados tuntunan gesang masyarakat etnik Jawi.

Konsep kamanunggalan kasebat saget ugi dipunsebat *curiga manjing warangka..*

Caketipun kawula kaliyan Gustinipun dipunumpamekaken kaliyan ungkapan *cedhak tanpa senggolan, adoh tanpa wangenan*. Punika kalawau ungkapan ingkang magepokan kaliyan sesambetan kawula dhumateng Gusti ingkang sampun dumugi tataran ingkang paling inggil wonten ing sistem religi etnik Jawi.

Kangge nggayuh tataran *manunggalipun Gusti-kawula* etnik Jawi kedah *mesu cipta mati raga* utawi ngupaya *laku prihatin*. Sikap punika saget dipunsejajarkan kaliyan ungkapa *ngungkurke kadonyan* ingkang dipuntindakaken kanthi cara semedi utawi kanthi *nutupi babahan hawa sanga*. *Babahan hawa sanga* punika konsep ingkang dipunpitados dening etnik Jawi dados sumber kadonyanipun priyantun, inggih punika wontenipun nafsu ingkang tumanduk wonten badanipun mengungsa. Priyantun ingkang *mesu cipta mati raga* nutup sedaya babahan ingkang maknanipun khusyuk nyenyuwun wonten ngarsanipun Gusti. Mekaten warga etnik Jawa nyikapi sesambetan antawisipun Gusti-kawula.

Ungkapan sanesipun inggih punika ngengingi takdir, dipunsebat ugi *garising pepesthen* utawi *garising kodrat*. Sedaya punika menawi sampun takdir utawi pepesthen *tan kena owah gingsir* utawi mboten saget dipunewahi. Wonten ungkapan-ungkapan ingkang sanes malih kadosta *pasrah, sumarah karsaning Gusti, wis ginaris ing Gusti, mupus pepesthening takdir*. Tiyang mboten saget suwala saking takdir ala ingkang dipunsebat *kabentus ing tawang, kesandhung ing rata*. Sedaya ungkapan kalawau minangka kiasan kangge gambaran bilih sedaya sampun dados garis pepesthen, pramila mboten saget dipunsuwalani.

Ungkapan-ungkapan kalawau dipunmanfaataken kangge gumregah saking raos sedhik lan saget ngagengaken semangat nalika ngadhepi takdir ingkang gegayutan kaliyan kacilakan utawi bencana. Ungkapan ingkang magepokan kaliyan takdir ugi wonten malih ungkapan sanes inggih punika *siji pati, loro jodho, telu tibaning wahyu* ‘; *beja-cilaka, lara kepenak, sugih mlarat* punika sampun garisipun Hyang Widdhi. Etnik Jawi pitados bilih *menungsa namung sakdrema nglampahi pepesthenipun Gusti*. Ungkapan sanesipun *kridaning ati ora bisa mbedhah kutaning pasti; budi dayaning manungsa ora bisa ngungkuli garesang kuwasa*.

2. Piwucal ingkang magepokan kaliyan sesambetan priyantun kaliyan Raja/Pemimpin/ Negari

Piwucal ingkang magepokan kaliyan sesambetan priyantun kaliyan Raja/ Pemimpin/ Negari dipunpanggihaken wonten ing tigang sekar ingkang sampun dipuntelaah inggih punika ngengingi perilaku supados O2 saget nedahakenguna, kaya, lan purun dhumateng ratu (T, 1—10); nyonto sikap nasionalisme, bela negara, lan kepahlawanan; nggadhahi raos males sih dhumateng negari (T, 1—10, 21—24, 41—60); mboten supe dhumateng tanah tumpah darah (T, 31—40) *marsudi ing kotaman* (T, 61—70); lan taat wontenipun hukum (W, 455—458).

Kearifan lokal ingkang saget dipunpendhet saking pengetahuan (T, 1—10) inggih punika sikap ingkang kedah dipunlaksanakaken dening rakyat menawi dados abdi negari. Sinten kemawon kedah saget nedahaken *guna*. *Guna* dipunsymbolaken keprigelan, kepinteran, utawi kasekten Patih Suwanda nalika mimpang wonten ing sayembara ingkang dipunwontenaken dening Ratu Magada. *Kaya* inggih punika mimpangipun Patih Suwanda kaliyan ratu-ratu sanesipun nalika dipunwontenaken sayembara kados ingkang sampun kasebat, saengga Suwanda saget pikantuk harta rampasan lan upeti saking ratu-ratu ingkang sampun dipuntaklukaken. *Purun* minangka kesetiaan Sang Patih ingkang nglaksanakaken tugas negari ingkang *tanpa pamrih*, malah nyawanipun ingkang dipuntohaken. Piyambakipun namung ngugemi dhawuhipun Gustinipun. Sedaya ingkang dipunbeta saking sayembara mboten wonten ingkang dipunkorupsi. Dados, pengabdian ingkang total dipunsuwun tumrap sedaya priyantun ingkang dados abdi negari.

Kearifan lokal ingkang dipunpendhet saking pola berpikir ing nginggil (T, 1—10, 21—24, 41—60) inggih punika wontenipun ungkapan *sadumuk bathuk sanyari bumi, ditohi pati*. Wonten ing falsafah Jawi, istri lan papan dados lambang harga diri. Negari utawi papan ingkang namung sanyari punika dipuntohi pati menawi wonten tiyang ingkang ngganggu gawe. .

Kearifan lokal ingkang tumanduk wonten ing komunitas etnik Jawi magepokan kaliyan pada (T, 61—70) inggih punika wontenipun ungkapan *mikul dhuwur mendhem jero*. Ungkapan punika ngandhut maksud supados O2 ngormati tiyang sepuhipun/ leluhur/ pemimpin sainggil-inggilipun. Kanthi mekaten O2 sampun nindakaken *laku utami*. Sikap punika mingangka kuwajiban ingkang kedah dipuntindakaken dening sawenehipun

anak utawi generasi mudha dhumateng tiyang sepuh/ leluhur/ pemimpin ingkang sampun nyekapi sedaya kebetahan gesang kita.

Hasil telaah sanesipun ingkang gegayutan antawisipun priyantun kaliyan ratu/ pemimpin/ negari inggih punika supados O2 minangka satunggaling abdi negari tumindak

- *gemi, nastiti, lan ngati-ati* (W, 499 – 502);
- nggadhahi sikap *mantep* lan *setya tuhu* dhumateng ratu (W, 511 – 515);
- sendika dhawuh sedaya pintahipun ratu (W, 516 – 520, dan 556 – 560);
- ngayahi kuwajiban ingkah jumbuh kaliyan tugasipun (W, 562 – 570);
- kormat (nyembah) dhumateng ratu, amargi ratu punika wakilipun Gusti I wonten ing alam donya (W, 516 – 520);
- ikhlas lair-batos (W, 521 – 525);
- para prajurit kedah nggadhahi sikap ksatria, santun, lan tliti wonten ing sedaya tumindakipun (W, 937 – 941);
- narima lan saget ngraosaken ganjaran saking ratu (W, 965 – 976);
- lan nyonto tumindak ingkang positif saking ratu (W, 1562, 1566, 1568, 1573 – 1575, 1656, 1669, 1674, 1682, 1685).

Kajawi paring piwucal, O1 ugi nglarang dhumateng O2

- minangka abdi negari supados mboten absen wonten ing *pisowanan* (W, 471 – 478);
- mboten nggegampang lan mbikak wadinipun Gusti (W, 501 – 506);
- mboten nolak menapa ingkang dipunkersakaken Gusti (W, 471, dan 1030 – 1041);
- mboten nerak *wewaler* (W, 1553 – 1561);
- mboten bosen wawanpangandikan dhumateng para ulama (W, 1605 – 1608);
- mboten nolak buku-buku ingkang isinipun piwucal (W, 1625 – 1632).

Inggih magepokan kaliyan sikap pemimpin, piwucal ingkang dipunpangguhaken inggih punika supados O2

- menawi kapitados dados ratu/ pemimpin negari saget nimbang tumindak ala lan becik (K, 10 – 18);
- nggadhahi daya linuwih (K, 19 – 27);
- dados tuladha tumrap ingkang dipunpimpin (K, 72–80);
- pirsani bilih sedaya ingkang dipuntindakaken ratu punika wontenipun namung leres (W, 491—494);

- njagi nami (W, 1151 – 1153);
- wicaksana lan adil (W, 1161 – 1174);
- nglestantunaken tradisi (desa tetep rame lan rakyat sami nyambut damel) W, 1231 – 1237);
- wiar wawasanipun (W, 1610 – 1633);
- nggadhahi kekiyatan mbrastha tumindak angkara murka (K, 19 – 27);
- nyiptakaken ketentreman lan kesejahteraan pamarintahan lan rakyatipun (K, 90 –98);
- saget *mati sajroning urip* (K, 108 –116);
- mboten *adigang, adigung, lan adiguna* (W, 186 – 195);
- mboten damel kalepatan (K, 37 – 45);
- mboten nggadhahi iman ingkang lemah (T, 37 –45);
- mboten kentir arusing zaman edan lan nindakaken *aji mumpung* (K, 64 – 71);
- mboten kenging arus tumindak angkara murka (K, 37 –45).

Menapa ingkang sampun kababar ing inggil saget dipunparingi penjelasan minangka conto. Kearifan lokal ingkang tumanduk wonten ing komunitas etnik Jawi gegayutan kaliyan (K, 10 –18) inggih punika wontenipun ungkapan *becik ketitik ala ketara*. Ungkapan punika kangge nyebat tiyang ingkang tumindakipun sae badhe dipun kenal lan dipunkenang tiyang sanes, namung menawi tumindakipun ala sanadyan sampun dipundhelikaken kanthi rapet tundhanipun badhe kedenangan ugi. Kajawi saking punika, minangka pimpinan nalika nindakaken kewajiban supados adhedhasar ungkapan *sastra jendra hayuningrat pangruwating diyu*.

Kearifan lokal ingkang jumedhul wonten ing masyarakat etnik Jawi gegayutan kaliyan menapa ingkang sampun dipunserat wonten ing (K, 72–80) inggih punika ungkapan *ing ngarsa sung tuladha, ing madya mangun karsa, tut wuri handayani*. Ratu Gusti utawi pimpinan supados nggadhahi sikap punika minangka pemimpin ingkan nggadhahi budi ingkang luhur. Kanthi sikap punika, para abdi sami suyut lan ngormati.

Kearifan lokal ingkang saget dipunpendhet saking pada (W, 1151 – 1153) inggih punika njedhulipun ungkapan *empan papan*. Wonten ing sadhengah papan lan kapan wekdalipun, pemimpin kedah saget njagi kehormatan lan martabatipun. Kanthi ngetrapaken konsep *empan papan*, sok sintena ingkang dados pemimpin dipunuwun saget adaptasi kaliyan lingkunganipun. Tiyang badhe dipunwastani *ora ngerti tata krama* ‘menawi mboten ngetrapaken konsep *empan papan*. Akibat mboten wonten

pangertosan lan karena mboten mangertos saget ndadosaken tiyang wirang amargi mboten saget mapanaken badan ingkang jumbuh kaliyan situasi lan kondisi. Pemimpin ugi kedah pirsu ugi ungkapan *ajining diri dumunung ing kedaling lathi*. Tiyang ingkang mboten nate nepati janji badhe dipunwastani pembohong saengga martabatipun dados mandhap. Sosok pemimpin ingkang mangertosi *ajining sarira dumunung ing busana* mesthi badhe njagi martabat, kata-kata, lan penampilanipun.

Kearifan lokal komunitas etnik Jawa ingkang gegayutan kaliyan (K, 90–98) inggih punika wontenipun ungkapan *mburu senenge dhewe* ingkang tumuju dhumateng pejabat ingkang mboten mikiraken kesejahteraan rakyat. Pejabat model punika namung pados untungipun diri pribadi, kluwarga, lan golonganipun. Watak pejabat mekaten mboten sae lan mboten pantes dipuntuladhani. Piyambakipun nggadhahi sifat *angkara murka budi candhala*.

3. Piwucal ingkang magepokan kaliyan sesambetan priyantun kalyan priyantun sanesipun

Piwucal ingkang magepokan kaliyan sesambetan priyantun kalyan priyantun sanesipun dipunpanggihaken wonten ing sekar ingkang dados objek analisis saget dipunperang dados kalih, inggih punika ingkang awujud perintah lan larangan.

Inggih punika supados O2

- njagi keprofesionalan (W, 71 – 80);
- mbudi daya nggayuh cita-cita (W, 81 – 86); s
- elektif anggenipun kekancan (W, 95 – 98);
- hormat, manut, lan tansah enget piwucal tiyang sepuh/ leluhur, lan tumindak ingkang becik (W, 166 – 171);
- *taberi* (W, 142 –147); n
- iru ajaran ingkang leres sanadyan saking kaum sudra (W, 182 –186);
- *rereh, ririh, lan ngati-ati* (W, 213 – 216);
- saget mbentenaken tumindak ala lan becik, pranatan, lan tata krama, sarta tansah musyawarah kangge ngudhari perkawis ingkang alit punapa ingkang ageng (W, 257 – 263);
- saget mangertosi wataking menungsa (W, 284 – 295);
- nindakaken *sembah lima* (W, 403 – 414);
- ngirangi dahar, sare, lan nepsu ingkang ngambra-ambra (W, 601 – 607);

- mangertosi tumindak leres-luput, cilakap-nguntungaken sedayakarana badan priyangga (W, 615 – 621);
- ngatos-atos menawi ngendikan (W, 697 – 708);
- kaliyan sederek kandung kedah kumpul lan mboten individual (W, 516 – 522);
- mboten pilih kasih (W, 871 – 874);
- sami-sami paring pakurmatan (W, 875 – 878);
- mangertosi asal-usul (W, 977 – 982);
- remen ngangsu kawruh lan sinau kanthi tekun (W, 1067 – 1072);
- tansah takwa (W, 1091 – 1097);
- nggadhahi sikap *narima* (W, 953 – 958);
- asring midangetaken uttawi maos carita lan remen nyekar (W, 1266 – 1272);
- nggadhahibudi pekerti luhur (W, 1436 – 1444);
- ngatos-atos nalika tumindak (W, 1381 – 1390);
- generasi mudha langkung sae tinimbang generasi saderengipun (W, 1658 – 1665);
- ngupadi kasampurnanipun gesang (W, 1730 – 1737);
- ndongakaken putra-wayah (W, 1666 – 1673);
- lan mawas diri (K, 72 – 80).

Ingkang arupi larangan inggih punika larangan supados O2

- nyegah dahar lan guling (W, 87 – 92);
- mboten gumunggung diri, angkuh, lan congkak (W, 93 – 94);
- mboten kekathahen muwus (W, 153 – 158);
- mboten *kepatuh* (W, 171 – 175);
- mboten remen dipunggung lan nampi pisungsung (W, 226 – 235);
- mboten remen ngobral janji (W, 246 – 250);
- mboten celak kaliyan tiyang ingkang *degsura* (W, 277 – 283);
- mboten *drengki, srei, dora, iren, meren, panasten, kumingsun, jail, muthakil, dan basiwit* (W, 312 – 318);
- mboten *lunyu, lemer(an), genjah, angrong prasanakan, nyumur gumuling, dan ambuntut arit* (W, 347 – 353);
- mboten ndherek ajaran ala sanadyan saking tiyang sepuh utawi sedherek (W, 379 – 386);
- mboten wantun kaliyan tiyang sepuh (W, 395 – 398);
- mboten remen *nggunggung, nacat, lan maoni* (W, 625 – 629);
- mboten remen *ngrasani* (W, 678 – 684);
- mboten ngathahaken supaos lan pepisoh (W, 709 – 714);

- mboten ngalap randhanipun sedherek, abdi, utawi kanca rewang sepegangan (W, 721 – 726);
- mboten dados tiyang madat, ngabotohan, durjana, wuru, lan nggadhai ati sodagar (W, 739 – 744);
- mboten sesrawungan kaliyan wanodya ingkang awon tabiatipun, sarta mboten mbikak rahasia wonten sangajengipun wanodya (W, 829 – 834);
- mboten *angkuh, bengis, lengus, lanas, calak, lancang, langar, ladak, sumalonong, ngidak, ngepak*, dan *siya-siya* (W, 1133 – 1139);
- mboten *sembrana* lan mboten bosen jejagongan kaliyan tiyang sepuh (W, 1161 – 1167);
- mboten nglirwakaken piwucal(W, 1594 – 1601).

Ungkapan-ungkapan ingkang dipunsisipaken wonten salebetipun sekar macapat ingkang gegayutan antawisipun priyantun kaliyan priyantun utawi masyarakat kaliyan masyarakat ingkan sampun kajlentrehaken punika isinipun bab piwucal. Piwucal punika dipunparingaken dhumateng O2. Wondene isi piwucal kasebat wonten ingkang arupi panyuwunan lan larangan. Piwucal-piwucal punika dados kearifan lokal etnik Jawi ingkang gesang lan dados tradisi tumrapipun etnik Jawi ngantos samangke.

4.2 Sekar Macapat sarana Media Pendidikan Budi Pekerti Bangsa Indonesia

Adhedhasar pembahasan ngengingi sekar macapat *Tripama, Wulangreh*, lan *Kalatihda* minangka sumber kearifan lokal etnik Jawa saget dipunwastani bilih sekar macapat ingkang sampun dipunbahas punika ngandhut piwucal luhur ingkang gayutanipun kaliyan budi pekerti. Wondene budi pekerti ingkang dipunmaksud inggih punika ngengingi budi pekerti luhur ingkang gegayutan kaliya sikap nasionalisme, kepahlawanan, agami, etika, moral, lan tumindak wonten salebeting gesang bebrayan, sarta perilaku wonten ing pemerintahan. Piwucal-piwucal kalawau mboten namung ngengingi tumindak-tumindak ingkang sae, namung ugi tumindak ingkang mboten sae. Kekalihipun dipun wucalaken supados O2 saget mbentenaken pundi ingkang sae lan ingkang mboten sae. Piwucal ingkang sae wajib dipuntuladhani lan ditrapaken, ingkang mboten sae dipunsimpen kangge pangertosan mbok bilih mangke ngadhepi tumindak ingkang kados dipunsebataken wonten ing piwucal kalawau.

Ungkapan-ungkapan ingkang wonten ing sekar macapat ingkang dados objek penelitian punika saget dipunsebat kearifan lokal lan kekayaan kabudayan ingkang dados kagunganipun etnik Jawi. Ungkapan-ungkapan

ingkang dipunidentifikasi minangka piwucal budi pekerti punika salajengipun dados pola pikir lan pandangan gesang para warga etnik Jawi. Sedaya kalawau dipunngrembakakaken mawi cara dipunsisipaken wonten salebeting syair sekar macapat lan dipunrefleksi mawi cara nyekar macapat. Kanthi cara nyekar mekaten para warga etnik Jawi dados apal sedaya piwucal ingkang wonten ing salebetipun larik-larik sekar macapat kalawau. Kanthi nyekar macapat punika, etnik Jawi ugi mboten sadar sajatosipun menawi otomatis sampun nindakaken refleksi maknanipun ungkapan-ungkapan ingkang wonten ing sekar macapat kalawau. Kanthi mekaten ungkapan-ungkapan punika saget langsung memasyarakat lan dados kearifan ingkang dipunsandhang dening etnik Jawi. Dados, pungkasanipun ungkapan-ungkapan dipunwastani minangka kearifan lokal etnik Jawi amargi namung etnik Jawi kemawon ingkang saget mangertosi lan mahanani makna utawi sasmita sedaya ungkapan-ungkapan kalawau kanthi proses refleksi wonten ing wekdal ingkang mboten sekedhap.

Saking ungkapan-ungkapan ingkang tumanduk wonten ing sekar macapat punika etnik Jawi ugi nyipta ungkapan-ungkapan sanesipun ingkang dipunciptaaken kangge ngadhepi perkawis-perkawis ingkang kedadosan wonten ing bebrayan agung etnik Jawi. Ungkapan-ungkapan kalawau ngandhut daya sugesti tumrapipun etnik Jawi, seengga etnik Jawi saget ngudari sedaya permasalahan ingkang dipunadhepi. Minangka conto: wontenipun ungkapan *adiguna*, *adigang*, *adigung* njalari njedhulipun ungkapan ingkang saget ngatasi ungkapan kalawau, inggih punika ungkapan *aja dumeh*. Tiyang ingkang tumindak *adiguna*, *adigang*, *adigung* saget dipunengetaken mawi ungkapan *aja dumeh* supados mboten kelajeng ingkang tumindak mekaten.

Saking deskripsi ing inggil saget dipunpendhet simpulan bilih Serat *Tripama*, *Wulangreh*, lan *Kalatidha* ngandhut konsep pemikiran utawi falsafah gesang tumrapipun masyarakat etnik Jawa dhumateng Gusti Allah, negari/ ratu/ pemimpin, lan masyarakat sanesipun. Konsep punika lajeng dipunserat wonten ing sekar macapat Salajengipun sekar macapat kalawau ngrembaka dipunsekaraken para warga etnik Jawi ngantos ngrambah generasi salajengipun. Pangertosan ngengingi bab punika pungkasanipun dados strategi ngadhepi maneka-warni persoalan gesang wonten ing bebrayan agung etnik Jawi.

Cara maringaken piwucal budi pekerti wonten sanubari etnik Jawi ingkang dipuntrapaken para leluhur etnik Jawi kasebat saget dados patuladhan kadospundi anggen kita sedaya ngetrapaken warisan leluhur

punika kangge para generasi mudha etnik Jawi, lumeberipun kangge generasi mudha bangsa Indonesia. Kita minangka generasi ingkang nampi piwucal punika kedah nguri-uri tradisi punika supados saget niru para leluhur kita wonten ing babagan piwucalan budi pekerti ingkang adiluhung. Pramila cara ingkang sampun kabuktekaken sae punika kedah dipun lestantunaken lan dipuntrapaken ugi wontening zaman modern punika, sanadyan wonten ugi ungkapan-ungkapan ingkang mboten relevan malih kaliyan zaman modern samangke.

5. Simpulan

Adhedhasar menapa ingkang sampun kasebat ing inggil, saget dipunsimpulaken bilihsekar macapat ngandhut piwucal budi pekerti ingkang adiluhung tumrap generasi mudha etnik Jawi wonten ing bebrayan agung. Menawi masyarakat nindakaken menapa ingkang dipunwucalaken para leluhur, saget dipunpethekaken saget kacipta masyarakat ingkang gesang wonten ing kahanan tata, titi, tentrem, lan karta raharja. Sedaya kalawau jalaran wontenipun sesambetan ingkang harmonis antawisipun masyarakat kaliyan Gusti Inkgang Murbeng Dumadi, kaliyan pemimpin/negari, lan kaliyan masyarakat sanesipun, kalebet kaliyan alam semesta. Dados saget dipunwastani bilih sekar macapat punika minangka sumberipun kearifan lokal etnik Jawi.

Kearifan lokal etnik Jawi ingkang arupi piwucal ingkang sumberipun kaserat wonten ing sekar macapat kasebat saget dipunagem model kangge nanemaken piwucal budi pekerti tumrapipun generasi mudha etnik Jawi, lumeberipun tumrap generasi mudha bangsa Indonesia. Piwucal budi pekerti kanthi cara nyekar punika saget dipunlampahi kanthi cara ingkang mboten sami, kacocokaken kaliyan kondhisi daerahipun piyambak-piyambak. Jinisipun sekar dipuncocokaken kaliyan cita rasa sekar masyarakatipun. Umpaminipun masyarakat Jawi migunakaken media sekar macapat. Ing tlatah Bali lan Sunda ugi wonten macapat. Ing Betawi nggadhahi kemungkinan mboten remen macapat, saget mindhah sekar sanesipun. Mekaten ugi ing Sumatra utawi Kalimantan saget migunakaken lagu daerahipun piyambak-piyambak. Syukur bage wonten komponis ingkang saget nyipta sekar kanthi syair ingkang kebak piwucal lan ingkang cocok kaliyan generasi sapunika, ingkang saget dipuntrapaken kangge sedaya suku bangsa.

DAFTAR PUSTAKA

- Ahimsa-Putra, Hedi Shri. 2001. *Strukturalisme Levi-Strauss: Mitos dan Karya Sastra*. Yogyakarta: Galang Press.
- _____. 1996. *Etnolinguistik: Beberapa Bentuk Kajian*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.
- _____. 1994. "Model-model Linguistik dan Sastra dalam Antropologi". *Bulletin Antropologi*. Th. IX.
- _____. tt . "Bahasa, Sastra dan Kearifan Lokal di Indonesia". Yogyakarta: Fakultas Ilmu Budaya, UGM.
- Anwar, Khaidir. 1990. *Fungsi dan Peranan Bahasa: Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Arps, Bernard. 1992. *Sekar in Two Traditions: Performance and Interpretation of Javanese Literature*. London: University of London.
- Behrend, T.E. 1990. *Katalog Induk Naskah-naskah Nusantara: Museum Sonobudoyo Yogyakarta*. Jakarta: Djambatan.
- Casson, Ronald W. 1981. *Language, Culture, and Cognition*. New York: Macmillan Publishing Co., Inc.
- Darusuprta. 1989. "Macapat dan Santiswara" dalam *Humaniora* No. 1. Yogyakarta: Fakultas Sastra UGM.
- _____. 1985. *Serat Wulang Reh*. Surabaya: CV Citra Jaya.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Budi Pekerti dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: PT Hanindita Graha Widya.
- Halliday, M.A.K. & Ruqaiya Hasan. 1992. *Bahasa, Konteks, dan Teks: Aspek-aspek Bahasa dalam Pandangan Semiotik Sosial* (terjemahan Asruddin Barori Tou). Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Kamajaya. 2000. *Lima Karya Pujangga Ranggawarsita*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Kartomihardjo, Soeseno. 1993. "Analisis Wacana dengan Penerapannya pada Beberapa Wacana". *PELBA* 6 , hal. 21–58. Jakarta: Lembaga Bahasa Unika Atma Jaya dan Kanisius.
- _____. 2000. "Analisis Wacana dalam Pengajaran Bahasa". *Jurnal Ilmiah Masyarakat Linguistik Indonesia*, Tahun 18, Nomor 1, hal. 123–140. Jakarta: Lembaga Bahasa Unika Atmajaya.
- _____. 1993. *Sasmita a Shared Knowledge of The World among Javanese*. Paper in Second International Symposium on Humanities: Linguistics and History. Yogyakarta: Faculty of Letters.
- Laginem, Slamet Riyadi, Prapti Rahayu, Sri Haryatmo. 1996. *Macapat Tradisional dalam Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

- Levi-Strauss, Claude. 1963. *Structural Anthropology*. New York: Basic Books, Inc., Publishers.
- _____. 2005. *Antropologi Struktural* (terjemahan Ninik Rochani Sjams). Yogyakarta: Kreasi Wacana.
- Mardiwarsita, L. 1981. *Kamus Jawa Kuna-Indonesia*. Ende: Nusa Indah.
- Marsono. 1996. “Lokajaya: Suntingan Teks, Terjemahan Struktur Teks, Analisis Intertekstual, dan Semiotik”. Disertasi. Yogyakarta: Pascasarjana UGM.
- _____. 2007. “Revitalisasi Kearifan Lokal Guna Mewujudkan Masyarakat Sejahtera” dalam *Kemajuan Terkini Riset Universitas Gadjah Mada*. Yogyakarta: LPPM UGM.
- Marsono; Waridi Hendrosaputro (Penyunting). 1999/2000. *Ensiklopedi Kebudayaan Jawa*. Yogyakarta: Yayasan Studi Jawa-Lembaga Studi Jawa.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Noordhoff-Kolff N.V.
- _____. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschappij NV.
- Putut Setiyadi, Dwi Bambang. 2004. “Wacana dalam Sekar Macapat Wulangreh: Kajian Pragmatik” dalam *Jurnal Terakreditasi Fenolingua*, Nomor 1, Tahun 13, hal. 85–107. Klaten: Universitas Widya Dharma.
- _____. 2009. *Wacana Sekar Macapat sebagai Pengungkap Sistem Kognisi dan Kearifan Lokal Etnik Jawa serta Dasar Pembentukan Kepribadian Bangsa*. Hibah Penelitian untuk Mahasiswa Program Doktor Tahun Anggaran 2009. Yogyakarta: LPPM Universitas Gadjah Mada.
- Rajab. 2007. *Kearifan Lokal*. <http://www.depsos.go.id/>
- Ricoeur, Paul. 2003. *Filsafat Wacana*. Yogyakarta: IRCiSoD.
- Ridwan, Nurma Ali. 2010. “Landasan Keilmuan Kearifan Lokal”. <http://www.nusantara-online.com>.
- Riyadi, Slamet. 1988. *Macapat: Kajian Unsur dan Sejarah*. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa.
- Rosidi, Ajip. 2010. “Kearifan Lokal dan Pembangunan Bangsa” dalam *International Conference Proceedings on Traditional Culture and Rancage Award 2010*, hal. 28–35. Yogyakarta: Faculty of Language and Arts, Yogyakarta State University.
- Samsuri. 1988. *Berbagai Aliran Linguistik Abad XX*. Jakarta: Depdikbud.
- Sapir. Edward. 1960. *Culture, Language, and Personality*. USA: University of California Press.

- Saputra, Karsono H. 2001. Sekar Macapat. Jakarta: Wedatama Widya Sastra
- Saussure, Ferdinand de. 1988. Pengantar Linguistik Umum (terjemahan Rahayu S. Hidayat). Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Soesilo. 2002. Ajaran Kejawaen: Filosofi dan Perilaku. Jakarta: Yayasan “Yusula”.
- _____. 2003. 80 Piwulang Ungkapan Orang Jawa. Jakarta: Yayasan “Yusula”.
- Soetrisno, R. 2004a. Nilai Filosofis Kidung Pakeliran. Yogyakarta: Adita Pressindoesti.
- _____. 2004b. “Dimensi Moral dalam Syair Sekar pada Pagelaran Wayang Purwa”. Disertasi. Yogyakarta: Pascasarjana UGM.
- Sri Susuhunan Pakubuwana IV. TT. Wulangreh. Sukoharjo: Cendrawasih.
- Subalidinata, R.S. 1994. Kawruh Kasusastran Jawa. Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusantara. Wacana University Press.
- Sudaryanto dan Pranowo (Ed.). 2001. Kamus Pepak Basa Jawa. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.
- Tedjohadisumarto, R. 1958. Mbombong Manah 1. Jakarta: Djambatan.
- Tim Penyusun Kamus. 1997. Kamus Besar Bahasa Indonesia. Jakarta: Balai Pustaka.
- Tim Wacana Nusantara. 2009. “Kearifan Lokal dalam Sastra Bugis Klasik” [http:// www.nusantara-online.com](http://www.nusantara-online.com)
- Waluyo, Herman J. 1987. Teori dan Apresiasi Puisi. Jakarta: Erlangga.
- Winter Sr. C.F. dan Ranggawarsita, R.Ng. 1994. Kamus Kawi – Jawa. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Yule, George. 2006. Pragmatik (terjemahan Indah Fajar Wahyuni). Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Zoetmulder, P.J. 2000. Manunggaling Kawula Gusti. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- _____. 1994. Kalangwan (Terjemahan Dick Hartoko). Jakarta: Djambatan.

FORMULIR PENDAFTARAN

Pemakalah

Nama lengkap : Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum.

Tempat/ Tgl lahir : Klaten, 12 April 1960

Instansi : Universitas Widya Dharma Klaten

Profesi : Dosen

Alamat rumah : Wadunggetas RT 06/02, Wonosari, Klaten

Kantor : Progdi PBSID, FKIP, Universitas Widya Dharma Klaten

Jl. Ki Hajar Dewantara Klaten Utara

Telepon : (*****)

Pos-el : (*****)

Nama yang dicantumkan dalam Sertifikat

Dr. Dwi Bambang Putut Setiyadi, M.Hum.